

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan sapopoé manusa moal leupas tina basa, sabab basa mangrupa alat pikeun nepikeun kahayang, ngebréhkeun rasa, pikiran, tur rupa-rupa pamaksudan.

Manusa mangrupa mahluk sosial anu merlukeun hubungan sosial budaya jeung mahluk séjén tégesna manusa jeung manusa séjénna ngayakeun komunikasi pikeun ngebréhkeun eusining pikiran sarta pamaksudan séwang-séwangan.

Komunikasi téh tangtuna waé maké medium basa. Basa nyaéta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan komunikasina. Basa disebut sistem lantaran mangrupa beungkeutan unsur-unsur (wangun jeung isi) anu silih lengkepan dumasar kana aturan nu tangtu pikeun ngahontal hiji tujuan. Salaku hiji sistem basa miboga sipat sistématis tur sistémis. Sistematis nyaéta basa ngandung unsur-unsur nu puguh éntép seureuhna. Ari sistémis basa mibanda pola-pola anu dumuk tur bisa diramalkeun, kayaning aturan fonologi, tata basa jeung semantik (Sudaryat, 1991:1-3).

Basa sunda téh nyaéta basa indung urang sunda anu diparaké keneh ku masarakatna, boh ditatar Sunda kayaning Madura, Majenang, Dayeuh luhur jeung Manggung (Jawa Tengah) sarta di wewengkon masarakat transmigran asal Jawa Barat saperti di Lampung jeung Bengkulu (Sudaryat, 1991:10).

Kiwari basa sunda téh boga kalungguhan jadi basa daérah. Ieu téh luyu jeung UUD 1945, Bab XV, penjelasan pasal 36 yén wewengkon-wewengkon anu mibanda keneh basa daérah saperti Sunda, Jawa, Bali, jeung Madura, anu dipiara tur diparaké keneh ku masarakatna, basa daerah bakal dipiara tur diajénan ku nagara. Ari sababna, éta basa-basa téh mangrupa salahsahiji unsur kabudayaan nasional (Sudaryat, 1991:24)

Basa Sunda dina kalungguhan pikeun kahirupan masarakat lian ti mibanda fungsi salaku alat komunikasi ogé mibanda fungsi pikeun ngamekarkeun jeung ngamajukeun kabudayaan sabab ésénsi hiji basa nyaéta mawa ide mangrupa budaya, falsafah seni jsb.

Basa téh diwangun ku dua lapis, nyaéta wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua lapisan nyaéta wangun gramatik anu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap, jeung morfém jeung wangun morfologi anu ngawengku engang , fonem jeung sora. Sedengkeun lapisan eusi mangrupa eusi atawa ma'na. Wangun katatabasaan dipaluruh ku katatabasaan nu ngawengku sintaksis anu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, frasa, jeung morfologi anu maluruh adegan morfem jeung kecap (Sudaryat, 1991:3).

Morfologi medar perkara kecap jeung prosés morfologis. Kecap nyaéta morfem atawa kombinasi morfem anu mangrupa wangun pangleutikna anu madeg mandiri, di wangun ku hiji atawa gabungan sababaraha morfem (Kridalaksana, 1982).

Kecap rajékan nyaéta kecap nu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna boh binarung jeung robahna sora atawa ngararangkénan boh henteu.

Ari kecap rajékan binarung rarangkén nyaéta kecap rajékan nu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna sabagian atawa sagemblengna boh robah sorana boh henteu bari binarung jeung ngararangkénan.

Kecap rajékan binarung rarangkén aya tilu rupa, nyaéta: (1) kecap rajékan dwilingga binarung rarangkén,(2) kecap rajékan dwipurwa binarung rarangkén,(3) kecap rajékan dwimadya binarung rarangkén.

Prosés morfologis dina basa Sunda aya tilu rupa, nyaéta: (1) prosés ngararangkénan (afiksasi), (2) prosés ngarajék (réduplikasi) anu hasilna disebut kecap rajékan, (3) prosés ngantétkeun (komposisi) anu hasilna disebut kecap kantétan (Prawira Sumantri, 1990).

Salah sahiji prosés morfologis dina basa sunda aya nu disebut prosés ngarajék anu ngahasilkeun wangun kecap anu disebut kecap rajékan. Dumasar kana wangunna kecap rajékan dina basa Sunda aya opat rupa, nyaéta, (1) kecap rajékan dwilingga nyaéta kecap rajékan dwimurni binarung rarangkén, jeung kecap rajékan dwiréka binarung rarangkén, (2) kecap rajékan dwipurwa ngawengku kecap rajékan dwipurwa binarung rarangkén, (3) kecap rajékan dwimadya nyaéta kecap rajékan dwimadya binarung rarangkén, jeung (4) kecap rajékan trilingga.

Salah sahiji usaha maluruh kecap rajékan binarung rarangkén bisa tina wacana karya sastra di antarana novél. Novél munggaran dina basa Sunda nyaéta *Baruang Ka Nu Ngarora* karya D.K Ardiwinata anu kaasup karya sastra pancikalna.

Novél anu di paké pikeun panalungtikan nyaéta novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi. Ditilik tina kecap jeung struktur basa anu digunakeun, novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi ngagunakeun kekecapan anu henteu merlukeun pamahaman nu jero,

sabab novél *Babalik Pikir* mangrupa buku bacaan barudak dina basa sunda, nilik kana eusi caritana ogé euyeub pisan ku unsur atikan, Ku kituna kecap rajékan binarung rarangkén nu kapanggih dina novél *Babalik Pikir* bisa dijadikeun bahan atawa sumber pangajaran pikeun ditepikeun ka siswa SMP.

Tétela pangajaran kecap rajékan binarung rarangkén penting diajarkeun di SMP hususna dina pangajaran basa Sunda. Dumasar kana Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP). Bahan pangajaran kecap rajékan binarung rarangken bisa kapanggih boh dina ragam basa jeung sastra, boh dina ragam basa non sastra. Salah sahiji bahan pangajaran kecap rajékan binarung rarangken dina ragam basa sastra nyaéta nu aya dina karya novél. Ku kituna, panalungtikan nu judulna ‘Kecap Rajékan Binarung Rarangken dina Novél *Babalik Pikir* Karangan Samsodi Pikeun Bahan Pangajaran di SMP’ dilaksanakeun. Kecap rajékan binarung rarangkén kaasup kana bahan pangajaran kabasaan di SMP. Tujuanna nyaéta sangkan siswa mampuh ngabedakeun kecap rajékan binarung rarangkén dina kalimah. Pangaweruh kabasaan anu kudu ditepikeun ka siswa SMP diantaranya tina wangunna anu ngawengku kecap asal, kecap rundayan, kecap rajékan, jeung kecap kantétan. Dina éta kurikulum ditétélakeun bahan pangajaran téh ngan ukur gurat badagna wungkul. Kituna ogé bahan pangajaran pangaweruh basa mah kaasup kecap dihijikeun kana pangajaran kamahéran basa.

Bahan pangajaran gedé pangaruhna kana kahontal henteuna tujuan pangajaran, sabab mangrupa eusi tina kagiatan diajar-ngajar. Ku kituna, bahan téh kudu dipilih sakumaha legana jeung kumaha runtuyanna, ari sarat pikeun nangtukeun bahan ku jalan milih jeung nimbang-nimbang bahan pangajaran téh nyaéta diluyukeun kana tingkat kamékaran siswa.

Salah sahiji upaya pikeun ningkatkeun pangaweruh basa, nyaéta diayakeun ieu panalungtikan anu medar kecap rajékan binarung rarangkén nu aya dina novél *Babalik Pikir*. Ieu novél dijadikeun bahan panalungtikan sabab dina ieu novél tiasa kapanggih, medar, nganalisis, atawa nalungtik ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén anu ditilik tina wangun, fungsi, jeung hartina. Salian ti éta ogé tiasa dijadikeun bahan ajar guru dina matéri ngeunaan kecap rajékan hususna anu aya dina karya sastra Sunda dina novél *Babalik Pikir* karya Samsuodi. Sabenerna kungsi aya panalungtikan ngeunaan kecap rajékan diantarana nyaéta: (1) Adiwijaya taun 1991, (2) Rahman taun 1982, (3) Fitriawati Dewi taun 2005 judulna *Kecap Rajékan Binarung Rarangkén* dina novel *Dina Kalangkang Panjara* karangan Ahmad Bakri, (4) Rosmana taun 1993 anu medar husus ngeunaan kecap rajékan, (5) Ati Kusmiati taun 2007 judulna *Kecap Sifat Rajékan* dina Novél *Galuring Gending* karangan Tatang Sumarsono, (6) Rudi Hartono taun 2007 judulna *Analisis Struktur jeung Semantik Kecap Rajékan Binarung Rarangkén* dina Buku *kumpulan Carita Pondok Kanagan*.

Tina katerangan diluhur ebréh pisan ngeunaan panalungtikan kecap rajékan, tapi pedaran ngeunaan *Kecap Rajékan Binarung Rarangkén* utamana dina Novél *Babalik Pikir* Karangan Samsuodi anu dipatalikeun sareng Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP tacan aya anu medar sacara husus. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “*Kecap Rajékan Binarung Rarangkén* dina Novél *Babalik Pikir* Karangan Samsuodi Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan Masalah

Kecap rajékan bisa disawang tina wangunna saperti kecap asal, kecap rajékan, kecap rundayan, jeung kecap kantétan.

Ku lantaran pedaran ngeunaan kecap rajékan dina basa Sunda kawilang lega, dina ieu panalungtikan diwatesan ngan medar perkara kecap rajékan binarung rarangkén disawang tina wangun, fungsi, jeung hartina tur disusun pikeun bahan pangajaran maca novél ditingkat SMP.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) Kecap rajékan binarung rarangkén naon baé nu kapanggih dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi?
- 2) Kumaha wangun kecap rajékan binarung rarangken dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi?
- 3) Fungsi kecap rajékan binarung rarangkén naon baé anu aya dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi?
- 4) Harti kecap rajékan binarung rarangkén naon baé dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi?
- 5) Naha kecap rajékan binarung rarangkén dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta hayang ngadeskripsikeun ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi.

Deskripsina ngawengku 5 hal, nyaéta:

- 1) kecap rajékan binarung rarangkén naon waé anu aya dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi,
- 2) wangun dasar kecap rajékan binarung rarangkén dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi,
- 3) fungsi kecap rajékan dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi,
- 4) harti kecap rajékan binarung rarangkén dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsoedi, sarta
- 5) bahan pangajaran kecap rajékan binarung rarangkén pikeun murid SMP.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan tiasa dibagi sacara tioritis jeung praktis, nyaéta ieu di handap.

1.5.1 Sacara Tioritis

Pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan struktur kecap rajékan hususna sacara morfologi ngajembaran pangaweruh tata basa, ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén.

1.5.2 Sacara Praktis

- 1) Pikeun méré informasi ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén salaku unsur basa nu digunakeun dina karya sastra.
- 2) Pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan struktur kecap rajékan pikeun guru salaku bahan pangajaran.
- 3) Ngajembaran khasanah kapustakaan hususna di jurusan Pendidikan Bahasa jeung Sastra Sunda.
- 4) Bahan tinimbangan pikeun guru dina nyusun sumber pangajaran basa Sunda.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nyaéta sagala bebeneran téori atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu teu perlu diuji deui.

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Kecap rajékan mangrupa salasihiji unsur katatabasaan.
- 2) Kecap rajékan binarung rarangkén mangrupa wangun kecap anu bisa ditalungtik sacara ilmiah.
- 3) Dina novél *Babalik Pikir* kapanggih kecap rajékan binarung rarangkén anu bisa dianalisis tina wangunna sarta bisa dipaké bahan pangajaran di SMP.
- 4) Kecap rajékan mangrupa salasihiji matéri pangaweruh basa anu kudu diajarkeun di SMP.

1.7 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jentré perlu diterangkeun sababaraha istilah nu aya patalina jeung judul anu dipaké dina panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Kecap rajékan binarung rarangkén nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna sabagian atawa sagemblengna boh robah sora boh henteu dibarung jeung ngalarapkeun rarangkén.
- 2) Novél nyaéta prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon). Umumna panjang sarta galur caritana atawa plotna komplék, midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar jeung laluasa ngahirupkeun karaktéristik.
- 3) Bahan pangajaran nyaéta komponén tina sistem pangajaran anu ditepikeun ku guru ka murid luyu jeung katangtuannana.

Dumasar kana wangenan diluhur bisa dicindékkeun yén nu dimaksud Kecap Rajékan Binarung Rarangkén dina Novél *Babalik Pikir* Karya Samsodi nyaéta kecap rajékan anu mangrupa hasil tina prosés ngarajék anu dianalisis dina wangun, fungsi, jeung harti anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran

1.8 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.8.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nyaéta méthode panalungtikan pikeun mgumpulkeun informasi ngeunaan fakta, kaayaan, jeung fénomena hiji kajadian anu keur lumangsung.

1.8.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi dokuméntasi jeung analisis data.

